


Eksperyans

Ti Joel



Ti Joel nan plaj

“ Ti koze sou **SOUNAMI** ”



Jad-Alix Francois / Ayliomik@gmail.com




SEKRETARYA PÉMANAN
KAP JERE RISK AK DEZAS
KOMITÉ TEMATIK
EDUKASYON AK SANBILIZASHON
PUBLIK LA



SOUNAMI
Ayti-ak-pozitif 11



Organisation
des Nations Unies
pour l'éducation,
la science et la culture



TI JOEL NAN PLAJ

"Yon ti koze sou sounami"

Senaryo : CTESP, Jud-Alix Francois , Stanley Jesuca

Desen : Jud-Alix Francois / AYITIKOMIK

Ekòl Nasyonal Fon Savann




*M ap fè nou sonje jodi a
se dènye jou pou nou te pote
kotizasyon pou jounen
nan lanmè k ap fèt
vandredi a.*

© CTESP-SPGRD/UNESCO











Ti Joel leve men l pou l poze on kesyon.

Wi Ti Joel
m ap koute w.





Nou lakay matant Ti Joel ki chita ap tande nouvèl

*Yon sounami ravaje
plizyè vil ki chita bò lanmè
nan peyi Chili, apre gwo tranblemanntè 8,8
sou echèl Richtè ki te déjà tiye
plis pase 700 moun.*









Madam,
mwen gen yon kesyon !

Wi Ti joel,
m ap tande w.

Se pa matant ou
sèlman Ti-Joel.
Depi nouvèl sa fin tonbe,
anpli paran gentan rele
pou mande direktè a
anile pwogram nan.


Eske si gen sounami
nan peyi Chili,
sa pral anpeche nou ale
nan lanmè a vandredi maten ?
Paske matant mwen
pa vle tande pale
de Jounen sa ankò.

Men m pa kwè n ap oblige
rive Jis la. Lè yo fin konprann kisa
sounami an ye, y ap mwens panike.
Bon, èske nou ka di m kisa
yon sounami ye ?


Elèv yo eseye esplike sa k sounami an.



sounami se yon bann gwo vag ki sòti nan fon lanmè¹
epi ki vin anvayi bodmè yo.




Yon ti lmaj pou n eksplike sa pi byen.



SOUNAMI







L ap eksplike
matant la
tou sa madam Marlz
te di yo sou
sounami nan
klas la jodi a.



Vandredi maten, apre anpil sispons, timoun yo monte nan bis pou ale nan jounen an. Kamyon an ap koupe wout.



Si madanm nan pa t byen esplike nou sa ki sounami an, jounen an pa t ap fèt non.

Ti Joel, menm lè granmoun yo dakò, sa pa anpeche mwen toujou pè. Pou gwosè koze mwen tandé sou sounami sa.

Jiska maten an, manman m pa te vle m vini non.

Ebyen, nou pa pral benyen?



Mwen pè lanmè kou chat kounya ,
mwen pa danse kole ak bagay sa a menm .



Madam !
Elèv yo pè anpil
akòz koze
sounami sa a.

Yo tout
te gentan pè lanmè.
Tanpri, ou ka fè yo sonje
sly k ap fè nou konnen
pral gen sounami ?



Si n wè tè a tranble fò anpil.
Si lanmè a rale kò l bridzoukou
oswa li fè yon gwo bri.

1



2



TRANBLEMANNTÉ LANMÈ A FÈ BAK

Pa rete ap gade ni ranmase pwason.

Kouri ale kote ki pi wo ! Pa bliye :
nou pa gen pou nou ret tann 3 sly sa yo.
Depi sou premye a, chape poul nou !




Eske nou ka gen sounami
san tè a pa tranble ?

Bèl kesyon Ti Joel
Yon sounami ka sòti
byen lwen san ou pa wè sil yo.
Sa vle di se yon tranblemanntè
ki pase nan yon lòt peyi byen lwen.



Se pou sa nan tout peyi nan Karayib la,
gen jefò k ap fèt pou enfòme
moun sou sounami.



Yo gen aparèy ki pou siveye
mouvman tè a ak mouvman
lanmè a tou.
Epi otorite lokal yo ak pwoteksyon
sivil ap bay popilasyon an alèt la.






Lè tè a tranble fò anpil.
Si lanmè a fè bak oswa li fè gwo bri
Pa rete gade, kouri ale kote ki pi wo.



Yon ti tan apre.

*Nou bò lanmè a, pwogram nan ap dewoule san pwoblèm.
Ti Joel remake zanmi li Fanfan chita pou kont li. Li pa vle benyen...*





*Fanfan,
ou ba nou vag.*

*Ou pa vin jwe, ni benyen
ak nou. Sa w genyen ?*



*M ap kontwole lanmè a.
Paske prekosyon pa kapon.
Madam nan te di se bò lanmè
sounami an ap vini.*








Zanmi m, pa panike poze. Sa ki pi enpòtan an, nou gen enfòmasyon.

Otorite lokal yo ak patnè nou lòt bò dlo ap ede nou pran bon jan mezil pou n pwoteje tèt nou.



Wi men lè l ap rive sou nou la a, pèsonn p ap ka fè anyen menm pou nou.





*Yon lòt zanmi vin antre
nan konvèrsasyon an.*



*Ti joel ou pa konnen yon
sounami ka sòti byen lwen
san ou pa menm wè sly yo !?*

*Wi Natali.
Se pou sa mwen di,
fòk nou rete veyatif, prepare nou,
epi tande konsly otorite yo.*




E nou sonje tou madam Mariz te di nou pa blye prepare yon kit dijans lakay nou. Mete ladan : medikaman, dlo trete, flach, balèn elatriye. Pa blye yon ti radyo ak pil pou nou ka swiv mesaj, konsily otorite yo ak pwoteksyon sivil ap bay. Konsa, nou p ap nan kouri lè malè a rive.



Mwen p ap pran chans
mwen menm.
Ou gen lè blye si vag sa yo
ka anvay epi kraze

tout sa yo jwenn
sou wout yo.
Pèsonn pa ka naje
ni fè fòs ak vag
sa yo.








Timoun yo ap pwofite plezi lanmè a.




Kòm yo di pandan sounami
lanmè a monte oubyen li fè bak,
mwen pa bezwen wè, pwason fè
mikalaw.















Non ti Joel, tout bagay pa fini,
apre yon sounami.



Rete kote ou te abrite w la
epi tann mesaj otorite yo
ak pwoteksyon sivil anvan ou deplase.
Asire tout moun nan fanmi w ou ki bò kote w.



*Toujou swiv konsly otorite yo ak pwoteksyon sivil.
Pa blyie sounami an se pa yon sèl vag,
se plizyè yo ye. Toujou rete veyatif.*



*kidonk Madam,
si n fè tout sa w di yo
anvan oubyen pandan ak apre
yon sounami,
nou pa bezwen pè anyen?*











*Ti Joel rantre lakay li. Lap esplike
matan li jan jounen lanmè a
te pase epi sa li aprann an plis sou sounami.*



Matant lan kontan anpil, li remèsyé li.



Keksyon

1- Kisa yon sounami ye ?

Rep:

2- ki sa k lakòz vag sa yo ?

Rep:

3- Eske vag yo ka touye moun ?

Rep:

4- Bay twa (3) siy ki ka montre w
pral gen sounami ?

Rep:

5- Eske yon sounami ka vini
san nou pa wè siy sa yo ?

Rep:

6- Kisa pou n fè pandan yon sounami ?

Rep:



Repons

1- *Soun ami an se yon banan gwo vay ki soti nan fon lanné piki vin anvayi boudmè ya.*

2- *Vag sa yo fèt le gen transblème annante déboulonnay té oswa volkan nan lanné.*

3- *Fos vag sa ka touye mou n, anvayi epi krase tout salijwenen sou wout li Pésonn pa ka naje nife fos ak vag sa yo.*

4- *Premyesiy nan se le té a tri anbleffo anpil Dezyém nan si lanné a rale kol brid soukou oswa liffé yon gwo bri.*

5- *Yon sounami ka soti byen lwen san ou pa we si y'a Lé sa a, otorte ap anose si pral gen sou nami*

6- *Rete tèt fief t ale yon kote ki wo, toujou tannde radyopou swi mesaj ak konisyotortre yo ak pwoteksyon sil.*



SEKRETARIA PÉMANAN
KAP JÈRE RISK AK DEZAS
KOMITÉ TENATIK
DEKASYON AK SANBLIZASYON
PUBLIK LA



SOUNAMI
Ayiti laj pwoptè 11



Organisation
des Nations Unies
pour l'éducation,
la science et la culture

**SONJE BYEN,
NOU DWE TOUJOU RETE VEYATIF
PASKE SOUNAMI KA RIVE NENPÒT KILÈ.**

**LÈ TÈ A TRAMBLE FÒ ANPIL KA GEN SOUNAMI,
SI LANMÈ A RALE KÒ L BRIDSOUKOU,
PA RETE BÒ LANMÈ, PA RETE AP GADE NI RAMMASE PWASON.
KOURI ALE KOTE KI PI WO !**

